



**Orange Township Public Schools**  
Heywood Avenue School  
Ms. Faith Alcantara, Principal



Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Superintendent of Schools

Mr. Gerald Murphy, Direktè Asistan

24 Out 2020

Chè Paran ak Elèv nou yo,

Mwen espere ke ou menm ak fanmi ou te pase yon vakans ete trankil epi agreyab. N'ap prepare aktivman pou ane lekòl 2020 - 2021 an epi nou ka tann pou genyen fanmi Heywood nouyo avèk nou. Nou espere fè patenarya avèk ou pou nou bay rekonpabse eksperyans edikasyonèl ak pwodikatif pou tout elèv nou yo.

Kòm ou ka okouran, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan te apwouve dènyèmanman plan relouvèti lekòl distri nou an ki pral bay anviwònman aprantisaj sa yo pou elèv nou yo:

- **Faz 1:** Ansèyman vityèl konplè/A plen tan soti 8 Septanm 2020 jiska 2 Oktòb 2020. Elèv yo ap resevwa ansèyman senkronik (pwofesè andirèk) soti 8:30 - 12:30 pm chak jou epi yo pral oblije siyen pou sesyon an nan lè "orè" klas yo pwograme yo.
- **Faz 2:** Ansèyman vityèl/Adistans senkronik (pwofesè andirèk) soti nan 5 Oktòb 2020 jiska 25 Novanm 2020. Elèv yo ap resevwa ansèyman senkronik (andirèk) soti 8:30 - 12:30 pm chak jou eksepte lè Mèkredi epi yo pral oblije siyen pou sesyon an nan lè "orè" klas yo pwograme yo. Lè Mèkredi, tout elèv yo pral angaje yo endepandamman nan enstriksyon/ansèyman ki pa senkronik epi yo konplete devwa ke pwofesè yo pral bay yo atravè Google Classroom.
- **Faz 3:** Kòmanse 30 Novanm 2020 jiska 23 Desanm 2020, nou pral kòmanse "lansman gradyèl/soup" la nan retounen elèv yo nan salklas ki baze sou ansèyman yo. Premye gwoup elèv sa yo ki retounen nan bilding lan pral avize pa pita ke 9 Novanm epi yo pap depase 25% nan enskripsyon elèv nou yo ki anwole yo. Tout lòt elèv yo ap kontinye resevwa ansèyman senkronik adistans jan yo idantifye nan faz 2 a.
- **Faz 4A, 4B, 4C:** Soti 4 Janvyè 2021 - fen ane a, n'ap kòmanse "Re-antrè Konplè a/A Plen Tan" an. Tout elèv yo pral rapòte nan lekòl la dapre jou yak lè ki dekri nan orè ke yo pral bay tout moun yo.

Nou rekonèt epi reyalize ke sa pral yon "nouvo" fason pou kòmanse ane lekòl nou an, sepandan, nou pral travay di pou asire ke nou fè li vin yon pi bon eksperyans otan ke posib pou tout moun! Li trè enpòtan pou nouke ou santi w sipòte sosyalman, emosyonèlman ak akademikman, Se poutèt sa, nou pral bay opòtinite pandan tout ane lekòl la pou fè sa.

Nan lespri pou nou gen yon ane lekòl ki eyisi, nou mande pou ou prepare bagay sa yo:

- Gade nan lis ekipman pou nivo klas yo ki plase sou sit entènèt Heywood Avenue School la epi achte sèlman materyèl sa yo ki pral itilize lakay yo

- Asirew ke pitit ou a gen yon Chromebook ki ajou pou itilize lakay li. Si youn pa disponib, nou pral asire ke nou ba ou youn pou pitit ou a ka itilize. Elèv yo pa dwe pataje aparèy elektwonik; nou pral asire ke chak elèv gen yon aparèy elektwonik sèlman pou itilizasyon endividyèl yo. Yo pa kapab itilize IPAD ak tablèt. Nou mande pou yo itilize yon laptop ki ajou, desktop/odinatè(konpitè) oswa chromebook pou asire ke pitit ou a ka jwenn aksè nan tout pwogram ki nesèsè yo. Anplis, elèv yo **dwe** gen yon pè kask (headphone) pou yo itilize.
- Idantifye yon espas travay lakay ou kote ke pitit ou ap travay chak jou, soti 8:30 am - 12:30 pm
- Kreye yon orè ak pitit ou a ki idantifye ki lè yo pral reveye (pwograme alam/revèy la chak swa), manje manje maten, abiye ak antre nan premye klas yo pa pita ke 8:30 am chak jou. Elèv nou yo ap gen plis siksè si yo kòmanse epi kenbe yon woutin / orè chak jou menm jan ak lè yo ta nòmalman antre nan lekòl nou an.
- Rete konekte avèk lekòl nou an epi distri a lè ou tcheke sit wèb distri nou an ak lekòl la regilyèman, tcheke Class Dojo/Klas Dojo regilyèman epi koute tout telefòn plon gaye ke yo bay yo. Li enpòtan pou nou ke ou rete konplètman enfòm ak sa yo, se mwayen sa yo ke nou pral itilize pou fè sa (sa vle di sit entènèt, Class Dojo/Klas Dojo, Telefòn Plon Gaye)

Pandan premye semèn lekòl la, nou pral fè distribisyon/kyòs nan Heywood pou bay tout elèv materyèl sa yo:

- Chromebook (si sa nesèsè)
- Liv travay / materyèl elèv pou tout matyè debaz yo (ELA, Matematik, Syans Sosyal, Syans)
- Nenpòt lòt materyèl ansèyman espesifik ki pwograme pou klas yo

Anplis de sa, pandan premye semèn lan, nou pral asire ke:

- Tout elèv, K – 7 yo, gen aksè nan nouvo kont Google Classroom yo, ba yo aksè konplè nan Google Classroom ak Google Meete.
- Tout paran yo gen aksè nan Class Dojo/Klas Dojo kòm sa a pral "prensipal" zouti kominikasyon nou yo ak aksè nan Genesis Pòtal Paran (Parent Portal)

Distri a ap kontinye bay pake manje maten ak manje midi “Pran- epi- Ale” (“Grab-and-Go”) a, pandan tout faz vityèl / adistans la san yo pa koute fanmi yo anyen, nan plizyè kote pou vin pran. Kote/Lokal yo chwazi yo se:

- OECC (ki gen ladann elèv ki soti nan Cleveland Street School), ki localize nan 397 Park Avenue
- Scholars Academy, ki localize nan 268 Capuchin Way
- Forest Street School, ki localize nan 651 Forest Street
- Heywood Avenue School, ki localize nan 421 Heywood Avenue
- Lincoln Avenue School, ki localize nan 216 Lincoln Avenue
- Oakwood Avenue School, ki localize nan 135 Oakwood Avenue
- Park Avenue School, ki localize nan 231 Park Avenue
- Rosa Parks Community School, ki localize nan 369 Main Street

Tanpri sonje ke tout kote yo pral òganize pwogram pmanje maten / manje midi pran epi ale (grab and go) a pral opera soti 7:30 AM jiska 1:30 PM; Lendi jiska Vandredi. Elèv yo ka vin pran manje yo nan nenpòt nan kote/lokal ki nan lis pi wo a.

**Distans sosyal osibyen ke mete nan yon mask sa a li obligatwa lè yo rapòte nan tout kote yo ye. Li enpòtan pou sonje, yon fwa ke elèv yo vin resevwa manje maten / manje midi pran epi ale (grab and go) a se pou yo retounen lakay respektif yo.**

**Sware Reyinyon Vityèl Retounen nan Lekòl (Virtual Back to School Night)** nou an Lannwit Retounen nou an pral fèt **Mèkredi 23 Septanm 2020 soti 6 - 8 pm**. Tanpri make dat sa a! Mwen konnen ke ou pa ka tann pou rankontre esta anplwaye yo ki fè patenarya avèk pitit ou a pandan ane lekòl sa a, sa pral yon gwo opòtinite pou nou fè sa.

Kontinye jwi semèn vakans ete w yo byen! Heywood Wildcats R.O.A.R. (**R**each for **O**portunities & **A**chieve **R**esults) (**K**ontakte pou opòtinite ak **R**eyalize **S**iksè) ... .. mwen konnen ke tout moun pral retounen 8 Septanm pliske pare pou nou fè sa! Nou se Heywood DJAM!

Sensèman,

Faith Alcantara  
Direktris